



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2015

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

## **GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE OFISYÈL IJANS ETA NAN PENNSYLVANIA POU BAY SIPÒ APRE AKSIDAN MÒTÈL AMTRAK NAN PHILADELPHIA**

Gouvènè Andrew M. Cuomo maten an te anonse ke anplwaye Gad Nasyonal New York ak ofisye ijans yo nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans ap vwayaje nan Pennsylvania pou ede nan efò repons ankou apre aksidan mòtèl Amtrak madi swa nan Philadelphia.

“Nouyòkè yo toujou vini ansanm pou ede youn lòt nan tan kriz, e se egzakteman sa nap fè jodia,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Yè swa aksidan Amtrak la te yon trajedi terib, e maten an mwen te rele Gouvènè Wolf pou m eksprime sipò m epi fè li konnen ke New York kanpe pare pou ede nan nenpòt fason ki posib. Nan nivo sa, mwen deplwaye anplwaye ki soti nan Eta New York pou ede avèk efò rekipersyon ki ankou. Mwen voye panse ak priyè m bay tout moun ki te blese nan aksidan sa, ansanm avèk fanmi moun ki te mouri yo.”

Delegasyon Ofisyèl New York la gen ladan Komisyonè DHSES John Melville, Direktè Biwo Jesyon Ijans Kevin Wisely, ak anplwaye ki soti nan Gad Nasyonal New York, Jeneral Raymond Shields ak Kolonèl Steve Fukino. Otorite sa yo ansanm avèk biwo Gouvènè a, te travay an kolaborasyon sere sere avèk Vil Philadelphia ak Eta Pennsylvania depi aksidan te rive yè swa.

Daprè resan rapò yo, omwen sis moun te mouri ak plizyè douzèn te blese lè yon tren Amtrak ki tap vwayaje soti nan Washington D.C. pou ale nan Vil New York te deraye nan Philadelphia.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418